



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 novanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO AP TRAVAY AVÈK KONPAYI LOKASYON VWATI POU SATISFÈ DEMANN KLIYAN YO

Yo te transfere Plis Pase 12.000 Vwati Nan Zòn Metwo New York

Yon Lòt 5.000 K ap Vini

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York ap travay avèk konpayi lokasyon vwati yo pou satisfè demann kliyan yo, epi pou asire Nouyòkè yo pa rete san posiblite pou yo vwayaje apre Ouragan Sandy. Sou desizyon Gouvènè a, Depatman Eta a te fasilite transfè plis pase 12.000 vwati nan zòn metwo New York avèk yon lòt 5.000 vwati k ap vini. Aksyon sa a ap ede fasilite Nouyòkè ki gen vwati yo ki te domaje oswa detwi nan Ouragan Sandy.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Ouragan Sandy te kite anpil Nouyòkè san veyikil ki nesèsè pou yo pou travay ak pou fonksyone chak jou. Konpayi lokasyon vwati yo ap pran mezi pou satisfè anpil demann pou vwati epi pou ede kliyan yo retounen nan aktivite chak yo. Mwen bat bravo pou repons rapid yo, epi mwen ankouraje lòt konpayi lokasyon vwati nan New York pou yo patisipe nan efò redrèsman an.”

Enterprise Holding -pwopriyetè Enterprise Rent-A-Car, National Car Rental ak Alamo Rent A Car- anonse piblikman l ap transfere plis pase 12.000 lòt veyikil nan zòn metwo New York, avèk yon lòt 5.000 k ap vini pou ede satisfè bezwen vwayaj kliyan ki afekte nan Ouragan an. Pandan dènye semèn yo, konpayi yo te kapab travay sou plis pase 26.000 lokasyon vwati ki asosye avèk asirans pou satisfè bezwen kliyan yo. Yo prevwa lòt konpayi lokasyon vwati yo pral fè sa tou.

Answit, American Car Rental Association (ACRA) ap kowòdone avèk Sekretè Adjwen Depatman Eta, Marcos Vigil, pou asire anpil dizèn milye vwati ak kamyon transfere nan the Eastern Seaboard prese-prese.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè te resevwa tou rapò konpayi lokasyon ki reklame twòp lajan pou lokasyon veyikil pou kliyan ki bezwen ranplase veyikil yo prese-prese pou yo ale nan travay oswa lòt kote. Divizyon an ap kontwòle plent sa yo depre, epi l ap kontinye kowòdone avèk endistri lokasyon vwati a pou asire yo trete konsomatè yo san patipri ak fason ki apwopriye.

Haitian Creole

Kliyan ki gen pwoblèm avèk konpayi lokasyon vwati yo kapab pote yon plent kliyan nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè sou Entènèt nan sitwèb <http://www.dos.ny.gov/consumerprotection/>, oswa yo kapab rele 1- 800-697-1220.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418